

Nan Foto a de  
dwat a goch  
Moun ki chape anba  
kansè pwostat:


**Luis Casal**  
**Manny Hamelburg**  
**Louis Brothers**  
**Charles Austin**

**PWOGRAM POU  
METE OU OKOURAN  
DE KANSÈ PWOSTAT**

**(617) 624-5070**

Depatman Sante Piblik nan Massachusetts

Haitian Creole



Moun ki chape anba kansè  
pwostat ankouraje ou  
pou aprann plis.

## **SA TOUT GASON DWE KONNEN DE KANSÈ PWOSTAT**



Depatman Sante Piblik nan Massachusetts

## SANTE GASON

Gason yo anpil fwa ezite pale de pwoblèm yo genyen nan kò yo. Anpil gason pa al chèche konsèy nan men doktè yo jisk li vin twò ta pou yo jwenn tretman ki bon.

Gason yo dwe aprann tout sa yo kapab osijè de kò yo.

An menm tan ke gason yo ap aprann de kansè pwostat ak lòt sijè sou sante yo, gason yo dwe sitou gade kijan yo ka rive mennen yon kalite vi an sante. Sa vle di manje anpil fwi ak legim, sispann fimen epi diminye tèt chaje.



## **KESYON YO POZE NOU ANPIL**

**ESKE SE TOUT GASON KI AN DANJE MENM JAN?** *paj* **2**

**ESKE VAZKTOMI LAKÒZ KANSÈ PWOSTAT?** *paj* **2**

**ESKE SE GASON KI PI GRANMOUN SÈLMAN KI DWE ENKYETE DESA?** *paj* **2**

**ESKE GENYEN OKENN FASON YON GASON KA EVITE KANSÈ PWOSTAT?** *paj* **3**

**KIYÈS KI DWE PANSE FÈ YON EGZAMEN CHAK ANE POU DETEKTE KANSÈ PWOSTAT?** *paj* **3**

**KISA YO FÈ NAN EGZAMEN POU DETEKTE KANSÈ PWOSTAT LA?** *paj* **3**

**KISA KI PASE LÈ YO JWENN YON TÈS “PSA” KI WO OSWA YON TÈS “DRE” KI PA NÒMAL?** *paj* **4**

**KI CHWA MWEN GENYEN NAN TRETMAN?** *paj* **5**

**E SI M VI N APRANN KE M GEN KANSÈ PWOSTAT?** *paj* **7**

## LA VERITE SOU KANSÈ

Glann pwostat la se yon glann sèks nan gason. Li chita anba blad pipi a epi li gwosè yon zanmann.

Aprè kansè po, kansè pwostat se kalite kansè ou jwenn plis lakay gason Ozetazini.

Pou ane 2004 la, yo kwe yap jwenn 230,110 moun anplis ki gen kansè pwostat nan peyi isit epi 29,900 gason ap mouri akòz maladi sa a.

Sonje, deteksyon bonè ansanm ak tretman kapab sove lavi.

**K:** **ESKE TOUT GASON GEN MENM CHANS POU YO VIN GENYEN KANSÈ PWOSTAT?**


**R:** Pami bagay ki detèmine devlopman kansè pwostat, se antre nan laj ki pi enpòtan. Epi tou gason Ameriken Nwa avèk gason ki genyen kansè pwostat nan fanmi yo pi an danje.

**K:** **ESKE VAZEKTOMI LAKÒZ KANSÈ PWOSTAT?**

**R:** Yo bezwen fè plis rechèch pou yo kapab wè vrèman si genyen yon koneksyon ant vazektomi ak devlopman kansè pwostat.

**K:** **ESKE SE GASON YO KI PI GRANMOUN SÈLMAN KI BEZWEN OKIPE YO DE KANSÈ SA A?**

**R:** Menm jan li ka frape gason ki pi granmoun, nan kèk ka, kansè pwostat frape gason ki pi jèn, ki nan karantèn ak senkantèn yo, sitou si yo genyen kansè pwostat la nan fanmi yo deja. Tout gason ki antre nan laj bezwen aprann de kansè sa a epi pran swen kò yo.



**K:** **ESKE GENYEN OKENN MWAYEN YON GASON KA EVITE KANSÈ PWOSTAT?**

**R:** Yap fè yon bann rechèch pou yo aprann plis sou kansè pwostat. Kounye-a nou pa konnen kijan pou evite li men sanble konsèy sa yo ka ede yon moun evite kansè sa a.

1. Manje manje ki pa genyen anpil grès: sa vle di manje anpil fwi ak legim an menm tan ke ou ap ralanti sou viann ak kolestewòl.
2. Sispann fimen. Rechèch montre ke timè pwostat ki gwosi vit gen rapò ak fimen.
3. Pran bon swen kò ou an jeneral: fè egzèsis regilyèman, pran ase repo epi diminye tèt chaje.

**K:** **KIYÈS KI TA DWE FÈ YON EGZAMEN CHAK ANE POU DETEKTE KANSÈ PWOSTAT?**

**R:** Gason ki nan kategori sa yo ta dwe fè yon egzamen pou detekte kansè chak ane:

1. Gason ki gen plis ke 50 an
2. Gason Ameriken Nwa ki gen plis ke 40 an
3. Gason ki gen plis ke 40 an epi ki genyen kansè pwostat nan fanmi yo deja.

**K:** **KI SA YO FÈ NAN EGZAMEN POU DETEKTE A?**

**R:** Egzamen pou detekte kansè pwostat la gen de tèz senp:

1. Egzamen douèt nan dèyè (DRE).
2. Yon egzamen san yo rele “Prostate-Specific Antigen (PSA) test” tèz pou jwenn antijèn ki soti nan pwostat la menm.

**K:**

**KISA KI PASE LÈ YO JWENN YON TÈS “PSA” KI WO OSWA YON TÈS “DRE” KI PA NÒMAL?**

**R:**

Yon PSA ki wo oswa rezilta yon DRE ki pa nòmal vle di ke ou dwe pale avèk doktè-ou pou ta fè plis tès ankò. Si doktè ou sispèk ke gen posibilite kansè, lè sa a li kapab fè yon byopsi. Jan doktè a fè yon byopsi se ke li pran kèk ti mòso chè tou piti nan pwostat la. Yo etidye echantiyon sa yo anpil ak prekosyon epi yo analize yo pou yo detekte kansè.



## **SIY YO:**

Pa kite yo kraonnen-w pou fè ou kwè ke ou pa bezwen wè yon doktè toutotan sentòm yo pa parèt. Anpil fwa, kansè a pa bay siy lè li fèk parèt.

Pa tann. Anpil gason gen pwoblèm ak pwostat yo akòz de yon maladi ki pa vle di kansè ke yo rele “BPH” oswa “Benign Prostatic Hyperplasia” (Pwostat ki gwosi san ke se pa grav).

Lè ou gen BPH, glann pwostat la kapab gwosi, bloke pasaj pipi epi anpeche fonksyonman seksyèl.

## SENTOM YO

Kèk nan sentòm yo ki bay pwoblèm se:

- Pipi souvan, sitou lannuit
- Difikilte pou pipi
- Doulè lè ou ap pipi oswa pipi boule
- Difikilte pou kòmanse oswa rete koulman pipi a
- Ou gen doulè nan senti ou, hanch ou, kwis ou oswa ou santi pati sa yo vin rèd
- Doulè le wap fè lanmou

Sonje ke sentòm sa yo ka vle di ou genyen BPH ou byen yo ka indike kansè pwostat. Al wè doktè ou pou kapab si.

Konsiltasyon regilye enpòtan anpil.

**K:** **KI CHWA MWEN GENYEN NAN TRETMAN POU KANSÈ PWOSTAT?**

**R:** Genyen anpil bagay pou konsidere lè ou ap chwazi yon tretman.

Pami bagay sa yo se:

kantite tan yon moun ka viv ankò, sante ou an jeneral, etap kansè a, pwoblèm ki ka rive selon kalite tretman an. Mande doktè ou pou li ede ou konprann diferan chwa yo epi pou devlope plan ki pi bon pou ou.

### SWIV EPI TANN

Gason yo ki chwazi pou yo gade epi rete tann dwe fè konsiltasyon regilyèman pou yo asire yo ke kansè-a pap devlope. Gason ak kansè ki chita nan pwostat yo sèlman, si yo pa atann yo pap viv plis ke di zan apre ke yo dekouvri maladi a ta ka fè lide pou yo gade epi tann.

## **MEDIKAMAN POU KANSÈ TRETMAN ÒMÒN**

Tretman òmòn diminye kantite testostewòn nan kò yon moun. Yo kapab sèvi ak tretman sa a pou maladi ki avanse oswa kòm yon kòmansman pou lòt tretman.

## **OPERASYON**

Pwostatektomi radikal se operasyon pou retire tout glann pwostat la. Pi souvan, gason ki chwazi operasyon sa a nan senkantyèm ak swasantyèm yo, yo jwenn kote kansè a ye avèk metod medikal, gason sa yo an sante epi yo genyen omwen di zan pou yo viv ankò. Pi souvan, pami efè segondè operasyon sa a ou jwenn: difikilte pou gen band ak difikilte pou kenbe pipi.

## **RADYASYON**

Nan tretman radyasyon kote reyon yo bay sou deyò, yo fè radyasyon an detwi selil kansè ki nan kò a. Nan tretman ke yo rele brakiterapi (brachytherapy), yo plante grenn radioaktif nan pwostat la pou detwi selil kansè yo.

## **KRIYOCHIRIJI**

Kalite tretman sa a jele pwostat la ki vin fè selil kansè yo mouri. Fò ou remake ke yo bezwen fè plis rechèch pou yo wè si tretman sa a gen bon efè vrèman.

## **KANSÈ PWOSTAT GENYEN TRETMAN**

Plizyè milie de gason nan tout peyi a chape anba kansè pwostat. Chak ane, sa nou konnen sou maladi sa ansanm avèk kapasite pou nou konbat li ap ogmante.

Gason yo avèk fanmi yo genyen desizyon enpòtan pou yo pran aprè yo aprann ke yo genyen kansè pwostat. Chak gason diferan. Anpil fwa, yo konseye yon gason pou li al chèche yon dezyèm opinyon, sitou si kansè a nan premye etap li. Li kapab ede yo tou si yo pale avèk moun ki pase anba maladi a.

Gason yo bezwen aprann ki chwa yo genyen epi yo dwe fè desizyon byen reflechi lè yo ap pale ak doktè yo.

**K:** **E SI MWEN APRANN  
KE M GENYEN KANSÈ  
PWOSTAT?**

**R:** Kèk bon kote pou jwenn enfòmasyon avèk resous se:

- Pwogram pou enfòmasyon sou Kansè Pwostat nan Depatman Sante Piblik nan Massachusetts  
617-624-5070
- Asosyasyon Ameriken pou Kansè (ACS)  
1-800-ACS-2345  
1-800-227-2345
- Sèvis Enfòmasyonèl pou Kansè nan Institi Nasyonal pou Kansè  
1-800-4 CANCER  
1-800-422-6237
- Gwoup ki bay sipò a moun ki genyen Kansè Pwostat nan Massachusetts (Gwoup Moun ki chape)  
781-436-3255  
781-834-2818



**KOMONNWEÛT MASSACHUSETTS**  
**BIRO EGZEKITIF POU SANTE AK SÈVIS IMEN**  
**DEPATMAN SANTE PIBLIK**  
**BIRO POU SANTE FANMI AK KOMINOTE**

